*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 62 (25791)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2023 азы 12 апрел — хуымгæнæны мæйы 12 бон, æртыццæг** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЕМБÆЛД — *Тыхджын хъуыдыты форум*
3 АДÆЙМАГ РАХЫЗТ ЙÆ АВДÆНÆЙ
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — **Футбол**

**Æхсызгон хабар**

## Ног хæдзæрттæ — хуыздæр кусджытæн

**Федералон проект "Хъæууон фæзуæтты æнцонвадат цæрæн хæдзæртты арæзтады райрæзт"-ы бындурыл Елхоты хъæуы саразтой ног авд хи хæдзары. Сæ хицæуттæ сты хъæууонхæдзарадон кооператив "Де-Густо"-йы хуыздæр кусджытæ.**



Елхотаг лæппу **Елойты Аслан** каст фæцис Хæххон аграрон университет, экономисты дипломимæ кусын райдыдта йæ райгуырæн хъæуы. Ныр 13 азы æнæзæрдæхудтæй архайы куыстуаты исбонадыл. Æрыгон бинонтæ хъомыл кæнынц дыууæ сывæллоны. Механизатортæн, бригадиртæн, дыргъгуыстгæнджытæн республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** каджын уавæры радта сæ ног хæдзæртты дæгъæлтæ.

Хъæууонхæдзарадон кооператив "Де-Густо"-йы сæргълæууæг **Дзиццойты Риммæ**, Кировы районы сæргълæууæг **Нæкуысаты Барис**, æндæр бæрнон кусджытимæ бахызтысты ног хæдзæртты къæсæрæй. Æнæбафиппайгæ нæу, цæрæнуæттæ кæй сты райдзаст, парахат, æппæт уавæртæ дæр дзы ис, æрдзон газ, дон, электрон рухс.

**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Нысантæ**

## Уæлахизы мадзæлттæм — цæттæдзинад

**Цæгат Ирыстон Уæлахизы бон хæстон парадтæ скæндзæн Дзæуджыхъæуы æмæ Мæздæджы, акци "Сæ цæсгæмттæм сын бакæс"-ы, "Æнæмæлгæ полчъы" дзыллон рацыды, патриотон ахадындзинадимæ цалдæр мадзалы бацархайдзæн.**




Уæлахизы боны нысантыл ныхас рауад оргкомитет "Уæлахиз"-ы фыццаг æмбырды, амыдта йæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. "Хъуамæ адæм Уæлахизы 78-æм азыл сæмбæлой аккаг хуызы, скæнæм æй бæрзонд æмвæзады. Æппæт бæстæйæн, нæ республикæйæн ахсджиаг цау у, не 'мзæххонтæй 100 мин адæймаджы ацыдысты немыцаг фашистты ныхмæ тох кæнынмæ. Сæ хæдзæрттæм нал сыздæхт 47 мин адæймаджы. Уæлахизы боныл ныр æмбæлæм сæрмагонд æфсæддон операцийы рæстæг, иудзинад, патриотон удысконд æмæ историон цаутæ зæрдыл дарын нын тынг ахсджиаг у. Нæ ветерантыл хъуамæ мæт кæнæм, паддзахады 'рдыгæй цы æххуыс цæуы, уый сæм хæццæ кæнын хъæуы", — загъта республикæйы разамонæг.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъанаты Ларисæ** æмбырды архайджыты базонгæ кодта Уæлахизы боны сæйраг нысантимæ. Документы æвдыст æрцыдысты кады, зæрдылдарыны мадзæлттæ, чи фæмард, уыдоны ингæнтыл дидинджытæ сæвæрыны, социалон ахадындзинадимæ, культурон-рухстауæн проекттæ, æппæтуæрæсеон æмæ республикон акцитæ.

Хъуамæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы номæй сæмбæлой ветерантимæ, бæрæгбоны концерт, салют скæной, хæстон намысы бынæттыл мото-автодугътæ саразой, патриотон акцитæ "Георгиаг лент" æмæ "Зæрдыл дарæн цæхæрадон"-ы бацархайой, лæгдзинады уроктæ, æрсидты размæ кары уæвæг фæсивæдæн спартакиадæтæ скæной. Сергей Меняйло бæрнон адæймæгтæн бафæдзæхста æппæт хъуыддæгтæ дæр саразын, хæстон-патриотон хъомылад ахсджиаг кæй у, уый дæр бафиппайдта.

"Хъуамæ сывæллæттæн лæгдзинады уроктæ кæнæм, уырдæм фæдзурæм Ветеранты советы, æхсæнадон организациты уæнгтæм. Институтты æмæ техникумты хъæуы тематикон къуымтæ скæнын. Сывæллæттæ æмæ студенттимæ фембæлдтытæм фæдзурæм сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæм, уыдон хъуамæ республикæйы сæхи дзæбæх кæной кæнæ сæ фæллад уадзой. Районты разамонджытæ хъуамæ æдасдзинады æппæт фарстатæ бахынцой, Мидхъуыддæгты министрадимæ, тыхы æппæт структурæтимæ баныхас кæной, базартæ хъуамæ æхгæд уой. Хæстонты уæлмæрдтæм, цыртдзæвæнтæм базилын хъæуы", — загъта Сергей Меняйло.

Уæлахизы парад 9 майы уыдзæн Дзæуджыхъæуы, Сæрибары фæзы10 сахатæй 10 сахаты æмæ 45 минуты онг, рацæудзысты дзы Уæрæсейы Хъахъхъæнынады министрады æмæ тыхы структурæты минæвæрттæ. Сæрмагонд хæстон техникæйы 23 иуæджы парады кæй рацæудзысты, уый фехъусын кодта 58-æм æфсады командæгæнæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Алексей Ткачев**. Сергей Меняйло бахаста парады кадетты, суворовонты, æфсады æвзонг уæнгты рахоныны фæнд. Бæрнон ын уыдзæн Ахуырад æмæ наукæйы министрад.

Горæты бынæттон хиуынаффæйады разамындæн республикæйы Сæргълæууæг бафæдзæхста фæзыл уæлæмхасæн трибунæтæ сæвæрын, цæмæй горæты цæрджытæ æмæ уазджытæн уа парадмæ кæсыны фадат. Культурæйы министрад хъуамæ бынæттон разамындимæ бæцæттæ кæной бæрæгбоны концерттæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**




## Фыццаг зæрватыкк

**1961 азы 12 апрелы Советон Цæдисы гражданин, хистæр лейтенант Юрий Алексейы фырт Гагарин (йæ фæсномыг — "Кедр") космосон нау "Восток"-ыл дунейы фыццаг хатт Зæххы алыварс орбиталон атахт баххæст кодта. Æмæ афтæмæй æппæт адæмæн байгом кодта пилотон космонавтикæйы ног дуг.**

Æрмæст 108 минуты дæргъы чи ахаста, уыцы атахт банымайæн ис космос иртасынады æппæтæй стырдæр æнтыстдзинæдтæй иуыл. Атахты хæдфæстæ Гагаринæн радтой майоры æфсæддон цин, стæй Советон Цæдисы Хъæбатыры кадджын ном. Цыбыр рæстæгмæ æппæт дунейы адæмтæ Юрий Гагарины ном базыдтой.

Абон махæн — XXI æнусы цæрæг адæмæн ис — космосон техникæ аразыны къабазы æмæ дун-дунейы тыгъдад хатыны хъуыддаджы стыр æнтыстдзинæдтæ уыныны фадат. Ныртæккæ Зæххы алыварс зилдух кæнынц дæсгай мин алыхуызон спутниктæ. Адæймаг кæй саразта, уыцы космосон аппараттæ, Мæйыл æрбадгæйæ, Зæхмæ мæйон мæры хуызæгтæ æрбахæццæ кодтой. Планетæтæ Марс æмæ Венерæйы уæлцъарыл æрбадтысты астрономон аппараттæ æмæ марсдзæуæгтæ.

Цалдæр космосон аппараты ахызтысты Хуры Системæйы арæныл, æнæзæххон цивилизацитæн семæ æрвыстæджытæ хæсгæйæ.

***(Космосы тыххæй иннæ æрмæджытæ — 3 фарсыл)***

**Ахсджиаг ныхас**

## Уæззау низ ма 'руадзыны мадзæлттæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис ВИЧ-инфекцийы ныхмæ тохгæнæг ведомствæты 'хсæн къамисæн æмбырд скодта. ВИЧ-инфекцийæ республикæ цы уавæр æвзары, ууыл ныхас рауад.**

Уавæры тыххæй раныхас кодта СПИД æмæ инфекцион низты республикон центры сæйраг дохтыр **Тауаситы Валери**. Йæ хатдзæгмæ гæсгæ, 2023 азы фыццаг квартaлы ВИЧ-æй рынчынты нымæц 2,1 хатты ныллæгдæр фæцис, уый, фароны уыцы æмгъуыдимæ абаргæйæ. "ВИЧ-æй рынчынты æппæтуæрæсеон бæрц кæм фæфылдæр, уыцы регионтимæ Цæгат Ирыстон нæй. Уæрæсейы хуссайраг хайы низæй тынг æфхæрд фондз регионмæ дæр республикæ нæ хауы", — загъта сæйраг дохтыр.

Æмбырды ма рæгъмæ рахастой ВИЧ-инфекци ма 'руадзыны мадзæлттæ, центр æппынæдзух кæны æмбарынгæнæн куыст. Студенттæ æмæ ахуырдзаутимæ ныхас кæнынц специалисттæ, лекцитæ сын кæсынц, бархионтæ дæр сын æххуыс кæнынц. Тауаситы Валери ма радзырдта, 2030 азмæ ВИЧ-инфекцийы ныхмæ паддзахадон стратегийы тыххæй. Йæ ныхасмæ гæсгæ, ВИЧ-инфекци раиртасыны тыххæй адæймаджы бон у экспресс-тест скæнын, кæй бафæнда, уый консультаци райсдзæн

Специалисттæ цæуынц бынæттæм, адæмæн сæ бон у, сæхи не схъæр кæнгæйæ, консультаци райсын, ВИЧ-инфекци лæвар сбæрæг кæнын. Дзанайты Барис куыд загъта, афтæмæй ВИЧ-инфекци у тæссаг низ, йæ ахсджиагдзинад сæфт нæ цæуы. "Цæрджыты æнæниздзинадыл, сæ царды хæрзхъæддзинадыл фæбæрæг вæййы. Куыдфæндыйы цæстæй йæм кæсæн нæй, рынчынтæ хъуамæ хостæ афойнадыл исой, низ ма 'руадзыны мадзæлттæ конд цæуой. Уæлдай æргом аздахын хъæуы фæсивæдмæ, низ рагацау раиртасыны тыххæй хъæуы тестытæ кæнын, уый фæстæ низ дзæбæх кæнынмæ бавналын. Районты цы цæугæ медицинон комплекстæ кусынц, уыдонæй спайда кæнын хъæуы низ раиртасыны фæдыл", — загъта Хицауады Сæрдар.

**Нæ уацхæссæг**

**Хицауадæй**

## Хорз фæндтæ, хъæугæ уынаффæтæ

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады æмбырд. Амыдта йæ Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**

Министрты кабинеты уæнгтæ æркастысты, æмбырды боны фæткы чи уыд, уыцы фарстатæм — дыууынæй фылдæрмæ. Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** цы хицауадон уынаффæйы проекты фæдыл радзырдта, уым ныхас цыд, хæцæнгарз, рæмудзæн æмæ æндæр ахæм хæцæнæрмæг æнæзакъонæй йæхимæ чи дары, Уæрæсейы уыцы граждæнтыл. Уыцы хæцæнгарз барвæндонæй чи радты, уыдонæн, бæрæг куыд у, афтæмæй фыст æрцæуы æхца. Ивгъуыд аз уыцы хъуыддаг республикæйы куыд æххæстгонд цыд æмæ барвæндонæй хæцæнгарз радтæг адæмæн æхца фыст цас æрцыд, ууыл бæстон æрныхас кæнгæйæ, премьер-министры хæдивæг бацамыдта ацы куыст дарддæр дæр æххæст кæныны мадзæлттæ.

РЦИ-Аланийы Хицауады иуæй-иу нормативон-барадон акттæм ивддзинæдтæ бахæссыны уынаффæйы проекты фæдыл ныхас кодта республикæйы хъæууон хæдзарады министр **Къусраты Алан**. Документы фидаргонд цæуынц фермертæн, хъæууонхæдзарадон куыстгæнджытæн æмæ хъæууонхæдзарадон ма сыл хæстæгдæр рæстæг бафтдзæн аст автобусы. Уыдон се 'ппæт дæр адæтдзысты Æрæфы, Мæздæджы, Рахизфарсы, Горæтгæрон æмæ республикæйы æндæр районты, стæй горæт Дзæуджыхъæуы муниципалон исбонадмæ. Уымæй уæлдай, Алагиры Културæйы галуан, бындуронæй йæ сцалцæг кæныны тыххæй адæтдзысты паддзахадон исбонадæй муниципалонмæ. Афтæ, муниципалон исбонадтæм адæтдзысты, Октябрыхъæуы цы спортивон фæз ис, уый. Мæздæджы чи ис æмæ йæ фæзуат 1,245 квадратон метры



кæмæн у, уыцы бæстыхай та адæтдзысты Æфхæрдтæ æххæстгæнæг федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы исбонадмæ. Ацы уынаффæты проектты фæдыл ныхас кодта республикæйы исбонады æмæ зæххы ахастыты министр **Тедеты Руслан**.

туризм парахат кæныны къабазы архайджытæн субсидитæ дæттыны ног уагæвæрдтæ. Уымæй уæлдай, фылдæр кæны грантты бæрц, раздæр уый уыд 5 милуаны, ныр та уыдзæн 7 милуан сомы.

Ахуырдзауты скъолатæм æмæ сæ фæстæмæ сæ хæдзæрттæм ласынæн республикæ æрæджы балхæдта авд автобусы, стæй

**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2023 азы дыккаг æмбисæн

**1 апрелы райдыдта 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**

**Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ уыдзæн ныр дæр.**



**2023 азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1356 сомы; адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1106 сомы æмæ 82 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абоны æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!**

***Редакци***

### Дзырды фарн

***... уалдзæг афоныл хуым***
***куы нæ бакæнай, куы нæ байтауай...,***
***уæд фæззæг хор не 'ркæрддзынæ.***

*ГÆДИАТЫ Секъа*

| | | | |
|---|---|---|---|
| Боныхъæд | **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **12 апрелы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **15-20 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **17-19 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 13,18 | **Хурыскаст** — 05,22 **Хурныгуылд** — 18,40 |
| Валютæйы аргъ | **Доллар** — 82,02 ↑ **Евро** — 89,75 ↑ | 12+ | |

РÆСТДЗИНАД № 62 (25791) 2023 АЗЫ ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙЫ 12 БОН

Аппаратон æмбырд

# Ныхас — фыццаградон фарстатыл

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО сæрдариуæг кæм кодта, нæ республикæйы Хицауады ацæуæг уыцы аппаратон æмбырды архайджытæ сæйраг æргом аздæхтой регионы оперативон уавæрмæ, уалдзыгон сидты кампани, зынгсирвæзтæй тæссаг афонмæ цæттæ кæнын æмæ æндæр фарстатæм.**

"Роспотребнадзор"-ы цæгатирыстойнаг управленийы разамонæг **Тыбылты Аланы** ныхасмæ гæсгæ, нæ регионы рабæрæг фадынæгæй фæрынчын уæвыны 5 цауы. Низæй бахизыны фæдыл мадзæлттæ æххæстгонд цæуынц, æмткæй райсгæйæ, регионы эпидемион уавæр банымайæн ис нывылыл.

финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Исахъты Олегæн** бахæс кодта хостæй льготон ифтонгадæн уæлæмхасæн фæрæзтæ радих кæныны фарстайыл æрныхас кæнын.

— Ацы хъуыддагæн цас бацагуырдтам, уый бæрц æхца нæм нæй, фæлæ æхца хайгай фиддзыстæм, фиддонтæ куыд нæ фæсыкк ныхасмæ гæсгæ, æнæзакъон бырондæттæ иуварс кæныны куыстмæ цæст коммæ уагæй дарын æмбæлы. Сергей Меняйло куыд загъта, афтæмæй ныридæгæн адæм хицæн фæзуæтты санитарон уавæрыл барвыстой 85 хъастæй фылдæр.

— Бырæттæ афоныл кæцæй нæ раласынц, кæнæ хъæбæр коммуналон æппарæццæгтæн контейнертæ кæм нæй, хъæстытæ æвзарыны куысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы хъæууон районы ахæм дзырддаг фæзуæтты номхыгъд сарæзтам. Бырæттæ æнæзакъон бырондæттæм чи æппары, æппæт уыцы адæймæгтæй бæрндзинад бадомын æмбæлы. Районты разамонджытæ сæ фæзуæттыл куы фæзилынц, уæд сæйраг æргом здахæнт сæвзæрæг æнæзакъон бырондæттæм æмæ ацы бырондæттæй бахизынæн рагацау мадзæлттæ аразæнт, — загъта регионы Сæргълæууæг.



Республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан** куыд загъта, афтæмæй ныртæккæ рынчындæтты хуыссы коронавирусæй рынчын 30 адæймаджы, амынд низæй рынчын 90 адæймаджы та сæхи дзæбæх кæнынц амбулаторон уагæй. Уымæй уæлдай, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæн медицинон æххуыс кæнынц (ныридæгæн дæсны æххуыс бакодтой 165 адæймагæн).

Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, рæхджы регионы æппæт зынвадат хъæуты афтекон хайæдтæ байгом кæнын æмбæлы. "Росздравнадзор"-ы регионалон управленийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ныртæккæ республикæйы 49 хъæуы афтектæхъуаг сты.

— Адæймаг анальгин æлхæнынмæ фæндзай километры цæмæй ма цæуа, ахæм фадат ын радтын æмбæлы. Хъæуы кæд дæс адæймаджы цæры, уæддæр хъуыддаг саразинаг у. Афтек бынаты байгом кæныны фадат кæд нæй, уæд, къуырийы дæргъы æртæ хатты хъæумæ чи цæудзæн, ахæм мобилон афтекон хайадæй пайда кæныны фæндон бахæссут. Бахъуаджы рæстæг хицæн адæймæгты афтектæй спайда кæнæн ис, адæм зындзинæдтæ цæмæй ма 'взарой, уый тыххæй, — бафæдзæхста Сергей Меняйло æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрæн.

Льготон хостæй адæмы ифтонг кæнынæн уæлæмхасæн æхцатæ радих кæнын æмбæлы, зæгъгæ, фехъусын кæнгæйæ, регионы разамонæг вице-премьер **Александр Реутов** æмæ уой, афтæ. Сæйраг æргом аздахын хъæуы онкологон æмæ сæкæры низтæй рынчын адæймæгтæм, — загъта Сергей Меняйло.

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг куыд загъта, афтæмæй, Уæрæсейы Президент Владимир Путины Указмæ гæсгæ, ацы азы 1 апрелæй 15 июны онг бæстæ æххæст кæны æфсадмæ уалдзыгон сидт. Сергей Меняйло районты сæргълæууджытæн бафæдзæхста сидты мадзæлтты тыххæй æмбарынгæнæн куысты архайын.

— Сидтмæ гæсгæ æфсады чи службæ кæндзæн, сæрмагонд æфсæддон операцийы тæлммæ уыцы адæмы кæй не 'рвитдзысты, уый сидтонтæн æмæ сæ ныййарджытæн бæлвырдæй бамбарын кæнын хъæуы. Сидтмæ гæсгæ æфсады чи службæ кæны, Уæрæсейы ног регионтæм службæ кæнынмæ уыцы адæмы нæ арвитдзысты , — загъта республикæйы разамонæг.

Сергей Меняйло Хицауады уæнгтæ æмæ муниципалитетты сæргълæууджытæн бахæс кодта зынгсирвæзтæй тæссаг рæстæг адæмы æдасдзинады æмæ цард ифтонгады системæты æнæкъуыхцы куысты фарстатæм комкоммæ уагæй цæст дарын.

— Рæхджы майы бæрæгбæттæ райдайдзысты, адæм æрдзы хъæбысы сæ фæллад уадзынмæ цæудзысты, æмæ районты сæргълæууджытæн фæдзæхсын Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады дæлхайæдтимæ иумæ адæмы сабыр фæлладуагъдæн фадæттæ саразын, — загъта Сергей Меняйло.

Регионы разамонæджы æнæзакъон бырондæттæм чи æппары, æппæт уыцы адæймæгтæй бæрндзинад бадомын æмбæлы. Районты разамонджытæ сæ фæзуæттыл куы фæзилынц, уæд сæйраг æргом здахæнт сæвзæрæг æнæзакъон бырондæттæм æмæ ацы бырондæттæй бахизынæн рагацау мадзæлттæ аразæнт, — загъта регионы Сæргълæууæг.

Дзæуджыхъæуы администрацийы хæс у районты администрацитимæ, Туризмы комитет, регионалон оператор "Эра" æмæ Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрадимæ иумæ районты санитарон уавæрыл афæлгæсын, стæй, бырæттæ æмбырд кæнынæн фаг контейнертæ æвæрд æрцыдысты æви нæ, ууыл æрныхас кæнын.

Сергей Меняйло сæрмагонд æргом аздæхта Рахизфарсы æмæ Дыгуры районты цæрæнуæтты арæзтадмæ. Арæзтады фæдыл бадзырдты амынд æмгъуыдтæ баххæст кæнын бадомгæйæ, республикæйы Сæргълæууæг бахаста арæзтадон кусæндæттæ баивыны фарстайыл æрныхас кæныны фæндон. Кæлæддзаг цæрæнуæттæй ногтæм адæмы раивыны фæдыл программæ афоныл æххæстгонд æрцæудзæн æви нæ, уый тыххæй персоналон бæрндзинад республикæйы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы профилон министрадмæ кæй хауы, регионы разамонæг æмбырды архайджыты зæрдыл уый ноджыдæр ма иу хатт æрлæууын кодта.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

# Ног хæдзæрттæ — хуыздæр кусджытæн

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

— Бинонты нымæцмæ гæсгæ сты 5-уатон, 4-уатон æмæ 3-уатонтæ. Алы хæдзарæн дæр уыдзæн хи кæрт æмæ зæххы хай, хæстæгдæр рæстæг ма сын иухуызон рæсугъд бырутæй сæ алывæрстæ сæхгæндзысты. Ног уынджы скæндзысты фæндаг æмæ рухсытæ, — зæгъы куыстуаты хайады сæргълæууæг **Бидыхты Олег**, — Хæстæгдæр рæстæг ма райдайдзыстæм ахæм æртæ хæдзары аразын.

2022 азы уалдзæджы ног хæдзæрттæн бындур æвæрын райдыдтой арæзтадон куыстуат "Континенталь-Групп"-ы специалисттæ. — Пайда кодтам хæрзхъæд, нырыккон арæзтадон æрмæджытæй, райдзаст ахорæнтæй, нæ размæ æвæрд хæстæ сæххæст кодтам, — зæгъы куыстуаты разамонæг **Дыгъуызты Алан**.

Куыд базыдтам, афтæмæй, 738 квадратон метрыл цы хæдзæрттæ сфидыдтой, уыдонæн æхцайы 80 проценты сты федералон бюджетæй, 19 проценты фиды куыстуат, иу процент та — бынæттон администраци.

— Нæ республикæйы Хицауадæн хъæууон фæзуæтты райрæзтыл бакуыст у фыццаградон хæстæй иу, — адæмæн арфæ кæнгæйæ, загъта республикæйы Сæргълæууæг. — Хорз рауадысты ног хæдзæрттæ, цæрынæй дзы бафсæдут. Уымæй хуыздæр ма цы ис, куыстдæттæг фæллойгæнæг адæмы царды уавæртыл куы тыхса, æмæ сыл дзуапп куы дæтта, уæд. Ацы программæ дарддæр ахæццæ кæндзыстæм, иннæ азмæ дæр проекты архайыны тыххæй дыууæ куыстуаты сæ куырдиат балæвæрдтой.

Сæйрагдæр у сæ арæзтадæн зæххы хай бацагурын. Дарддæр дæр алывæрсыг æххуыс кæндзыстæм хъæууон хæдзарады къабазы райрæзтæн.

Уыцы бон ма Сергей Меняйло, "Де-Густо"-йы архайдимæ зонгæ кæнгæйæ, бабæрæг кодта куыстуаты нырыккон дыргъæфснайæнтæ, радзырдтой йын, афæдзмæ цыппар мин тоннæйы бæрц цы дыргътæ райсынц, уыдон кæй æрвитынц Уæрæсейы бирæ регионтæм, — уыимæ, Татарстанмæ, Кæсæг-Балхъармæ, Дагестанмæ, Цæцæнмæ, Хъæрæсе-Черкесимæ, Мæскуымæ, Ярославлмæ æмæ æндæр рæттæм.

Ныр 10 азы бæрц "Де-Густо" æнтыстджынæй кæны талаты куыст, сæ питомникы байрæзт иу милуаны бæрц алыхуызон бæлæсты талатæ.



Дзиццойты Риммæйы ныхасмæ гæсгæ, æнгом æмгуыстад кæнынц нæ бæстæйы раззагдæр наукон центримæ.

— Питомникты куысты ногæй цы ис, уыцы æнтыстдзинæдтæй пайда кæнгæйæ, нæ куыст ноджы парахатдæр кæндзыстæм, ис нæм фæлтæрддзинад, дæсны специалисттæ, — загъта Риммæ.

**ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

Газы хæдзарад

# Адæмы удæнцойæн

**Нæ республикæйы Хицауад æмæ акционерон æхсæнад ''Газпром'' бафыстой 2021-2025 азтæн Цæгат Ирыстон газæй æфсадыны æмæ газ хæдзæрттæм уадзыны программæ. Куыд æххæстгонд цæудзæн, уымæ йæ цæст дардзæн Сергей МЕНЯЙЛО.**

Фондз азы программæ сфидар кодтой 2020 азы, фæлæ уæдæй нырмæ газы хæдзарады фæзынд лыггæнинаг ног фарстатæ.

Ног кæй бафыстой, уыцы программæмæ гæсгæ æвæрд æрцæудзæн хъæуты 'хсæн газы хæтæлты 79 километры, стæй цæрæн бынæтты мидæг 18,3 километры газы хызæгтæ, уый фæрцы газ бауадздзысты ноджы 23 цæрæн бынатмæ Алагиры, Æрæфы æмæ Мæздæджы районты. Æдæппæт уыцы артаг фæзындзæн 330 хæдзармæ, стæй ахуырадон, культурон æмæ æндæр социалон кусæндæтты.

Программæйы фæлгæты арæзт æрцæудзæн газы станцæ "Зæрæмæг". Уый фæрцы газ бауадзынæн фадат фæуыдзæн туристон комплекс "Мамысон"-мæ.

Уымæй уæлдай ма газуарæн станцæ "Цæгатаг" сараздзысты Дзæуджыхъæуы, республикæйы авд станцæйы та сæ кусæнгарз фæногдæр кæндзысты. Уæд фæфылдæр уыдзæн газ æрвитыны бæрц Æрыдоны, Æрæфы, Рахизфарсы, Горæтгæрон, Мæздæджы районты æмæ Дзæуджыхъæуы.

Нæ республикæ дæр йе 'ххуысы хай кæндзæн, газ йæ хæдзæрттæм чи уадза, уыцы цæрджытæн.

Зæгъын ма хъæуы уый, æмæ Цæгат Ирыстон Уæрæсейы ахсы раззаг бынæттæй иу газæй пайда кæнынæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Закъоны проект

# Зæрдылдарæн бынæттæ

**Туристон маршруттæм æввахс ран пайдайаг къахинæгтæ амал кæныны бар чи нæ дæтдзæн, ахæм закъоны проект Цæгат Ирыстоны цæттæ кæнын райдыдтой.**



Ацы хабар республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** йæ телеграм-каналы фехъусын кодта.

"Ацы закъоны фæрцы не 'ппæт кæмттæ æмæ туристон зæрдылдарæн бынæттæ бахъахъхъæндзыстæм, æмæ афтæмæй уыдзæн ацы бынæттæ зæхкъахджытæй бахизыны фадат. Афтæ бакæнын цæмæн хъæуы? Зæгъæм, Дыгургомы аразæм кластер "Хохы Дыгур", афтæмæй ам туристон маршруттæм æввахс ран доломит амал кодтой. Науæд, зæгъæм, кæцыдæр мæскуыйаг компани Куыртатты комы фысымуат "Форрест"-ы бакомкоммæ доломит амал кæныны фæнд скодта", — ныффыста республикæйы разамонæг.

Куыд рабæрæг, афтæмæй мæскуыйаг компани карьеры бакусынæн бардæттæг лицензи райста.

— Проектон-агурæн куыстытæ чи баххæст кодта æмæ зæххы хæйттæй пайда кæнынæн бардæттæг лицензимæ гæсгæ карьеры бакусыны фæдыл куырдиат чи барвыста, сæрмагондæй хъахъхъæнинаг фæзуæтты тыххæй æнæ регионалон закъонæй нæм æндæр регионтæй æрбацæуæг ахæм специалисттæн разыйы дзуапп ма радтыны бар нæ уыдзæн. Алы адæймаг дæр цыфæнды ранмæ æрбацæуæд æмæ æппæт кæмттæ сфæйлауæд, зæгъгæ, афтæ уайы. Закъоны проект арæзт у ацы фарста алыг кæнынмæ. Ныртæккæ чи ис, уыцы куыстуæттæ (зæгъæм, "Кавдоломит") дарддæр кусдзысты, ног куыстуæттæ та цалынмæ бæлвырдгонд не 'рцæуой, уæдмæ сым кусыны бар нæ уыдзæн, — загъта Сергей Меняйло.

**РУБАЙТЫ Нелли**

Барад

# Сылгоймагæн стæрхон кодтой

**Амæй размæ цалдæр хатты тæрхонгонд кæмæн уыд, Дыгуры районы прокуратурæ тæрхоны рæстæг уыцы бынæттон сылгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы паддзахадон зылынкæнынадыл сразы.**



Ацы сылгоймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 222.1 статьяйы 1 хайы ("Рæмудзæн æрмæг æнæзакъонæй балхæнын æмæ йæ дарын") æмæ 228 статьяйы 1 хайы ("Наркотикон фæрæзтæ кæм ис, стыр бæрцæй зайæгойы ахæм хæйттæ балхæнын æмæ сæ дарын") амынд фыдракæндтæ саразынæй. Слестгæнджытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй фарон августы амынд сылгоймаджы хæдзары джигул кæныны рæстæг пъæлицæйы кусджытæ дзы кæй ссардтой, уыцы згъæр бæрцуаты разынд рæмудзæн æрмæг. Уымæй уæлдай, сылгоймаг йæ хæдзары æнæзакъонæй дардта гæн.

Паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды нымайгæйæ, тæрхондон сылгоймагæн рахаста 2 азы æмæ 3 мæйы дæргъы иумæйаг фæткы ахæстоны фæбадыны æмæ йæ 5 мин сомæй фæивар кæныны тæрхон.

**Юлия КОЛЛЕГОВА**

Фембæлд

# Тыхджын хъуыдыты форум

**''Ног рæстæгæн— тыхджын хъуыдытæ''-2023 азы æртыккаг форумæн райдыдтой сæйраг хъуыдытæ æмбырд кæнын. Уый тыххæй фехъусын кодтой Мæскуыйы Форумы организацион комитеты, Максим ОРЕШКИН сæрдариуæг кæм кодта, уыцы æмбырды.**

Уыцы мадзал сарæзтой Стратегион хъæппæристы агентад æмæ фонд "Росконгресс". Уæрæсейы Федерацийы Президенты Указмæ гæсгæ Форум арæзт цæуы æрвылаз. Йæ сæйраг нысан у, Уæрæсейы хæдбарад фидар кæнын æмæ, национ нысантæ æххæст кæнынæн стыр ахъаз цы хъæппæристæ æмæ проекттæ фæуыдзысты, уыдон базонын æмæ се 'ххæст кæнынæн æххуыс кæнын.




"Абонæй фæстæмæ мах фонд "Росконгресс"-имæ гом кæнæм крауд-платформæ идея,росконгресс. рф, уым граждæнтæн гæнæн уыдзæн разæвæрд номинацитæм гæсгæ сæ сæйраг хъуыдытæ æмæ проекттæ равæрын æмæ сæм æфтауын", — фехъусын кодта Стратегион хъæппæристы агентады генералон директор, Форумы Организацион комитеты сæрдары хæдивæг **Светланæ Чупшева**.

Сæйраг хъуыдытæ æмбырдгонд цæудзысты 6 хуызæй: национ социалон хъæппæристæ, национ технологон хъæппæристæ, национ кадрон хъæппæристæ, национ экологон хъæппæристæ, амалхъомад, цифрон сервистæ. Курдиæттæ исдзысты 2023 азы 26 апрелмæ.

"Форумы фембæлд арæзт æрцæудзæн 2023 азы 28-29 июны. Æппæт мадзæлттæ дæр ацæудзысты 28 июны, 23 июлы та уыдзæн пленарон æмбырд. Форумы онлайн райдайæн уыдзæн абонæй фæстæмæ. Граждæнтæй æрбацæуæг Форумы бынтæ æмæ хъæппæристæн æххуысы куыст мах фæндонмæ гæсгæ цæудзæн Форумы фæстæ дæр. Мадзæлттæ æрвылаз арæзт кæй цæудзысты, уый сын дæтты иудадзыгон уаг, æмæ уыцы æрмæджытæй мах пайда кæндзыстæм нæ дарддæры куысты", — фæнысан кодта Уæрæсейы Федерацийы Президенты уынаффæгæнæг, Форумы Организацион комитеты сæрдары хæдивæг **Антон Кобяков.**

Йæ райдайæны хъуыдытæн аргъгæнæг уыдзысты Стратегион хъæппæристы агентады эксперттыты уæрæх æхсæнады уæнгтæ, уыдонæн сæ хæс уыдзæн 1000 хъуыдыйы равзарын. Дарддæр экспертон совет уыдонæй равзардзæн 200 хуыздæры, æмæ майы кæронмæ Стратегион хъæппæристы агентады сæрдар æмæ экспертон советы бюро равзардзысты 100 хуыздæр сæйраг хъуыдыйы. Уыдонæй Уæрæсейы Президентмæ форумы куысты фæхæццæ кæндзысты 10 хуыздæр сæйраг хъуыдыйы. Хуыздæр сæйраг хъуыдыты автортæн гæнæн уыдзæн сæ проектты фæдыл раныхас кæнынæн, афæдзы дæргъы фонд "Росконгресс" цы мадзæлттæ араза, уым..

Уымæй уæлдай ма оргкомитеты æмбырды æркастысты уæрæсейаг брендтæн премитæ снысан кæнынмæ. Уыцы фæндон Стратегион хъæппæристы агентады цæстдарæн советы æмбырды бахаста Уæрæсейы Президент. Преми лæвæрд цæудзæн хуыздæр фыдыбæстаг брендтæй базарады рæстæгмæ суæгъдгонд бынæттæ бацахсæгæн.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæнæм: "Ног рæстæгæн — тыхджын хъуыдытæ"-йы фыццаг форум ацыд 2022 азы ноябры, дыккаг — 2022 азы июлы. Æртæ азмæ крауд-плотформæйы 85 регионæй регистрацигонд æрцыд 300 мин адæймагæй фылдæр, мыхуыргонд æрцыд 35 мин хъуыдыйы. Хуыздæр хъуыдыты автортæ хуынд æрцыдысты форумты куыстмæ 2020 æмæ 2022 азты. Æхсæнад æмæ экономикæйæн фылдæр пайдайаг 20 хъуыдыйы автортæ сæ куыстытæ сæхи къухтæй радтой Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путинмæ.

Ныртæккæ Стратегион хъæппæристы агентад æмæ Фонд "Росконгресс" хъуыдытæн æххуыс кæнынц федералон æмæ регионалон хицауадты, райрæзты институтты, бизнес æмæ æнæкоммерцион организациты фæрцы. Хъуыдыты æмæ хъæппæристы автортæн æххуыс кæнынц административон гæрæнты сæрты ахизынæн, финансон фæрæзтæ ссарынæн æмæ дунеон æмвæзадмæ рахизынæн. Проекттимæ ма ноджыдæр кусынц регионалон разамынды командæтæ.

**Нæ уацхæссæг**

Æнæниздзинад

# "Хъæууон дохтыр"




**Ацы азы программæ ''Хъæууон дохтыр''-мæ гæсгæ 24 дохтыры æмæ дыууæ астæуккаг медицинон кусæджы Цæгат Ирыстоны хъæуты кусын райдайдзысты.**

**Дохтыртæ райсынц милуан сомы, фелсыртæ та — 500 мин сомы бæрц æххуысадон фиддонтæ. Фарон 22 дохтыры æмæ фондз астæуккаг медицинон кусæджы нæ республикæйы хъæутæм кусынмæ ацыдысты.**

**Нæ уацхæссæг**

# Медиктæй ифтонгад

**Районы сæргълæууæг ФРАЙТЫ Сослан куыд фехъусын кодта, афтæмæй дохтыртæй ифтонгады къæпхæн Рахизфарсы районы хæццæ кæны 97,1 процентмæ.**

— Ныртæккæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады системæйы кусынц сæдæ æстай æхсæз дохтыры. Фарон медицинон уагдæттæ кусынмæ райстой цыппæрдæс дохтыры-специалисты. Астæуккаг медицинон кусджытæй ифтонгады къæпхæн хæццæ кæны 95,5 процентмæ. Ивгъуыд аз регионалон проектмæ гæсгæ æхсæрдæс дохтыры ацыдысты ахуыртæ, — загъта Фрайыфырт.

Хицауиуæггæнг адæймаг куыд загъта, афтæмæй национ проект "Æнæниздзинад хъахъхъæнынад"-мæ гæсгæ бæлвырдгонд æрцыдысты адæмы мæлыны къæпхæн фæныллæг кæныны, медицинон кусджыты кадавар аиуварс кæныны, стæй, профилактикон медицинон иртæстытæ æппæт адæмыл цæмæй æххæссой, уымæн фадæттæ саразыны фарстатæ.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

# Хорз фæндтæ, хъæугæ уынаффæтæ

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

РЦИ-Аланийы куысты бынæттæ дæттыны уагæвæрд сфидар кæныны тыххæй уынаффæйы проект æмбырды уæнгтæн сæ размæ рахаста республикæйы Куыстдæттыны комитеты разамонæг **Платы Альбинæ**. Уынаффæйы проектмæ гæсгæ куыстдæтджытыл æвæрд цæуы хæс, цæмæй сæ алчидæр йæ куыстуаты бацæттæ кæна 14-18-аздзыд æнахъомтæн, стæй инвалидтæн куысты бынæттæ. Куысты бынæттæн сæ бæрц аразгæ у, куыстуаты æдæппæт цал кусæджы ис, уымæй. Платы Альбинæ ма цы уынаффæйы проекты фæдыл ныхас кодта, уымæ гæсгæ, астæуккаг профессионалон кæнæ уæлдæр ахуырад кæмæ ис, афтæмæй куыст чи агуры, уыцы адæймæгтæн арæзт æрцæудзæн стажировкæ кæнынæн уæлæмхасæн мадзæлттæ. Ацы программæ æххæстгонд цæуы ныр дæс азы дæргъы. Йæ тыхтæ бавзарын æмæ алы куыстуат æмæ кусæндоны дæр стажировкæ ацæуыны гæнæн дзы ис 18-25-аздзыд алы æрыгон адæймагæн дæр, уæлдæр амынд ахуырад кæмæ разына, уыдонæн.

Нæ республикæйы фæндæгтæ рацаразыны æмæ сæ æдасæй пайда кæныны тыххæй Транспорты æмæ фæндагон хæдзарады комитет цы бирæ хъуыддæгтæ æххæст кæны, уыдонæй иу у Мамысонмæ фæндаг. Йæ арæзтадон куыстытæ куыд нæ фæкъуылымпы уой, уыцы хъуыддаг цы мадзæлттæ домы, уый фæдыл ныхас кодта амынд комитеты сæрдар **Солиты Тариэл.**

Афтæмæй, Хицауады уынаффæйы проектæй 2023 азмæ æмæ 2024-2025 азты пъланон рæстæгмæ РЦИ-Аланийы республикон бюджетмæ ивддзинæдтæ хаст æрцæудзæн.

Æмбырды ма каст цы уынаффæты проекттæм æрцыд, уыдоны фæдыл ныхас кодтой финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Исахъты Олег**, арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константин**, национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан**, экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыр**, Тарифты регионалон службæйы разамонæг **Бæдоаты Сослан**.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

12 апрел — Космонавтикæйы бон

# Адæймаг рахызт йæ авдæнæй

**МÆХÆМÆТТЫ Алиханы фырт Ахуырбег, ацы æрмæг ныффыссæг, 1959-1964 азты куыста газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы. Райдыдта хистæр литературон кусæгæй, æртæ азы та уыдис бæрнон нымæрдар. Ис æм Хетæгкаты Къостайы, Гæдиаты Цомахъы номыл æмæ "Нарты фæткъуы"-йы премитæ. У историон наукæты доктор, профессор, Уæрæсейы, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны наукæты сгуыхт кусæг, Уæрæсейы ахуырады академийы уæнг-уацхæссæг. Æвддæс азы бæрц бакуыста ЦИПУ-йы ректорæй, ныртæккæ у президент. Ис æм Советон Цæдисы æмæ Уæрæсейы Федерацийы авд ордены, Хуссар Ирыстоны дыууæ ордены, фараст паддзахадон майданы. "Райгуырæн бæстæйы раз сгуыхтдзинæдты тыххæй" орден ын йæ риуыл бакодта Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН. Ахуырбег райста Цæгат Ирыстоны сгуыхт журналисты ном æмæ Ирыстоны Фæллойы Хъæбатыры Стъалы. Сæрыстыр у, йæ фыццаг хæрзиуæг — Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы Президиумы Кады гæххæтт — "Рæстдзинад"-ы кусгæйæ кæй райста, уымæй. Цыфæнды бынаты уа, уæддæр Ахуырбег фидар баст у йæ уарзон газет "Рæстдзинад"-имæ. Газеты 80 азы бонмæ рауагъта чиныг "Мæ базырджын азтæ". Абон мыхуыр кæнæм чиныгæй цалдæр сыфы.**

Сæрыстыр уæвын мæ бон кæмæй у, ахæм æрмæджытæ дзæвгар рауагътон газет "Рæстдзинад"-ы. Зæгъæм, 1961 азы 12 апрелы нæ номджын бæстæйы цæрæг Юрий Гагарин уæлæрвтæм кæй стахтис, уый тыххæй мах — Цæрукъаты Валодя, Уырымты Петка, Хæблиаты Сафар æмæ æз æппæты разæй фехъусын кодтам "Рæстдзинад"-ы кæсджытæн нæ репортаж "Адæймаг рахызт йæ авдæнæй", зæгъгæ, уым.

Цыппæрæмы-иу нæ газет нæ цыдис. Уымæ гæсгæ-иу æртыццæджы редакцийы кусджытæ уыдысты иннæ бонтæй чысыл æвдæлондæр. Афтæ уыд уыцы æртыццæджы дæр. Фæлæ æваст радио фехъусын кодта дунейы æмбисонды хабар: советон уæлдæфон нау уæларвмæ стахт адæймагимæ. Редакцийы кусджытæ кæрæдзимæ згъордтой хæрзæггурæггаг. Арфæтæ, цинтæ...

"Райсом газетæн æнæ рауадзгæ нæй", — ахæм ныхæстимæ амбырд стæм нæ редакторы кусæн уаты.

Хабарыл цалдæр минуты дæр нæма рацыд, афтæ сарæх сты телефоны дзæнгæрджытæ. Кусджытæ, ахуыргæнджытæ, студенттæ дзырдтой сæ арфæтæ. Дуар фегом, æмæ, уыцы тыхулæфтгæнгæ, нæ цуры алæууыд хæххон-металлургон техникумы ахуыргæнинаг Гатеты Аслæнбег. Талф-тулфæй райдыдта:

— Бирæтæй хъуыстон, адæймагæн фырцинæй бахъарм йæ зæрдæ, зæгъгæ. Никуы мæ бауырныдтаид, фæлæ мæхиуыл уыцы хъуыддаг, чысыл ма бахъæуа, фырцинæй ма 'рцæуа. Радио СЦТА-йы хъусынгæнинаг куы радзырдта, уæд нæ техникумы ахуыргæнинæгтæ зонгæйæ, æнæзонгæйæ, арфæтыл, хъæбыстыл систы. Кæд Юрий Гагарин чи у, уый зонгæ дæр нæ кæнæм, уæддæр банкъардтам, хуымæтæг лæппу кæй нæу, уый... Мæнмæ гæсгæ, фидар ныфсы хицау æмæ нæ бæстæйы стыр патриот бахастаид йæ ныфс уæлæрвтæм атæхынмæ.

Советон адæймаджы ног сгуыхтдзинадыл, æппæт дунейы прогрессивон дзыллæтау, ахуыргæндтау, æгæрон цин кодтой нæ республикæйы фæллойгæнджытæ, сабитæ æмæ зæрæдтæ. Ленины фæзы, горæты уынгты алы ран дæр адæм уыцы цымыдисæй хъуыстой репродуктортæм. (Уæд ма горæты фæзтæ æмæ уынгты тигътыл телыхъæдтыл бирæ рæтты ауыгъд уыди репродуктортæ). Проспекты агъуыстытæ чъырæй цæгъдджытæ дæр фæуагътой сæ куыст. Цыма экраны диссаджы ныв уыдтой, афтæ джихæй кастысты.

Æгас Ирыстонæн дæр æндæр дзуринаг нал уыд — æрмæстдæр Юрий Гагарины кой. Алчидæр цин кодта нæ паддзахады историон сгуыхтдзинадыл.

Хабар фæндагыл чи фехъуыста, уыдон тындзыдтой сæ бинонтæм, хæстæджытæм арфæтæ кæнынмæ. Мах бахæццæ стæм турбазæйы цур фæзмæ. Уым машинæтæ дыууæрдæм кодтой — Ной Буачидзейы, Орджоникидзейы уынгты, Арвы комы фæндагыл. Машинæтæн фæндаг амонæг милиционер Дзбойы-фырт уыди хъæлдзæг. Йæ зонгæ шофыртæм-иу бадзырдта:

— Фехъуыстай? Уæларвмæ лæг атахт!

— Тагъддæр, тагъддæр, кæд дæ космонавт рауаид.

— Лæппу, дæ машинæ Гагарины науы скъæрд куы кæныс.

Машинæты хицæуттæ-иу бахудтысты сæ мидбылты æмæ æхсызгонæй дзуапп лæвæрдтой милиционерæн.

Афтæ æмызмæлд уыд горæты уынгты. Институтты, техникумты, скъолаты ахуырдзаутæ, куыстуæтты фæллойгæнджытæ сæ æмбырдты стыр разæнгардæй дзырдтой советон космонавты хъæбатырдзинадыл. Сæ хъуыдыты, сæ ныхæсты уыдон æвдыстой æгæрон уарзондзинад намысджын Коммунистон партимæ, сæ сæрыстырдзинад советон наукæйæ.

Педагогон институты студенттæ куыддæр радиойæ ног хабар фехъуыстой, афтæ ракалдысты кæртмæ. Ныййазæлыд сæ тыхджын "Ура!" "Намыс — советон наукæйæн!", "Намыс — нæ Коммунистон партийæн!", "Цæрæд æмæ цæрæд æхсарджын Гагарин!" — хъуыстысты цины хъæртæ... Æрдззонынады факультеты чызджытæй бирæты цæстытыл фæзындысты цины цæссыгтæ.

Карл Марксы рæсугъд фæзы, уымæй размæ æртæ-цыппар мæйы чи нал уыдис, уыдон, æвæццæгæн, æрмæстдæр хъусæггагæй зыдтой, цавæр арæзтад дзы цыдис, уый. Хетæгкаты Къостайы цыртдзæвæны цур бонгай нæ, фæлæ сахатгай рæзыдысты Ирон музыкалон-драмон театры агъуысты къултæ. Василий Канорины номдзыд бригады уæнгтæ фæллой кодтой уыцы арæзтады. Бирæ зонгæтæ нын дзы разынд. "Цымæ уыдон та куыд цин кæнынц советон наукæйы æмæ техникæйы æнтыстдзинадыл? Цавæр æнкъарæнтæ сæм сæвзæрди?" — Уыцы хъуыдытимæ сæм баввахс стæм.

Уымæй ссæдз минуты раздæр дæр ма уыдыстæм редакцийы æмæ хъуыстам радиомæ, Левитаны хъæлæсмæ, фыццаг космонавты тыххæй СЦТА-йы хъусынгæнинаджы рæнхъытæ чи кастис, уымæ. Ныр та ныхас кæнæм аразджытимæ.

— Мæ сæрыхъуынтæ арц сбадтысты, мæ мидбынат сагъдауæй аззадтæн, — цингæнгæйæ загъта Канорин. — Нæ зонын, мæ хъуыдытæ куыд хуыздæр равдисон, уый... Цыбыр дзырдæй, бузныг нæ ахуыргæндтæй, уæлæрвтæм фæндаг чи сарæзта, уыдонæй. Дзæбæхæй раздæхæд Гагарин!

Ацæуынмæ куы хъавыдыстæм, уæд нæ Василий фæурæдта æмæ загъта:

— О, хæдæгай, нæ аразджытæм диссаджы разæнгарддзинад сæвзæрд. Куыддæр радиомæ байхъуыстам, афтæ лæпputæй чидæр, æнхъæл дæн, Абайты Сослан, фæндон бахаста, цæмæй абон сæххæст кæнæм нормæ æмæ æрдæг. Кусджытимæ куы ныхас кодтам, уæд уæзисæн краны машинист Хуыбаты Тамарæ йе 'мбæлттæй кæйдæр афарста: "Чи сты?" "Редакцийæ сты", — дзуапп радтой чызгæн. Цалдæр минуты фæстæ Тамарæ йæ бынатæй раппæрста иу гæххæтты гæбаз, йæхæдæг, махмæ амонгæйæ, æрхъæр кодта: "Бакæсут æй, бакæсут æй!" Мах бакастыстæм хуымæтæг ирон чызджы фыст:

"Ацы арæзтады æппæты бæрзонддæр бынаты æз бадын, мæнæй хæстæгдæр сæ ничи ис уæларвмæ. Уымæ гæсгæ-иу мæн номæй дæр иу-дыууæ ныхасы зæгъут уæ газеты. Хæрз цыбырæй афтæ. Кад æмæ намыс партийæн! Кад æмæ намыс Гагаринæн! Кад æмæ намыс советон адæмæн!"

Хъуыдыты анығъуылдыстæм. Чъизигомау гæххæттыл къæрандасæй фыст къæдз-мæдз рæнхъытæ...Æмæ сæйрагдæр уый нæ уыд. Бæлвырд уыдис æрмæстдæр иу: Тамарæйæн йæ алы ныхас дæр зæрдæйы бынæй цыдис.

Хъæлдзæг, зæрдæрухсæй рацыдыстæм арæзтадæй. Уыцы бон нæм уæлдай рæсугъддæр, уæлдай хуыздæр кастысты нæ адæм, нæ уынгтæ, нæ хæдзæрттæ. Зонгæтæ нын арфætæ кодтой. Алчи тындзыдта хиуæттæм, хæстæджытæм, æмбæлттæм. Ахæм цины сахæттæ иумæ æрвитынæй хуыздæр ма цы уа! Цæрукъаты Валодя уыцы цæугæ-цæуын райдыдта:

***Рæстæг йæ цыдæй æрлæууыди цъусдуг,***
***Абон нын радио радзырдта афтæ:***
***Дунетæ, дзыллæтæ! Царциатæм хъусут:***
***Юрий Гагарин фыццаг космонавт у!***

Рæстæг, кæддæриддæр афтæ чи тагъд кæны, уый, æрлæууыди цъусдуг. Æрлæууыдис æмæ советон адæймаджы ног æнтыстдзинадыл дисы бацыди.

Алы адæймаджы дæр фæндыд стыр сгуыхтдзинады кадæн исты диссаг равдисын. Æнæнхъæлæджы сæмбæлдыстæм нæ хорз зонгæ, "Рæстдзинад"-ы лымæн нывгæнæгмозаик Æлдаттаты Игнатыл.

— Æз та ма уæм редакцимæ цæуинаг уыдтæн, — цингæнгæйæ, загъта Игнат. — Уыцы хъæбатыры ныв нæма райстат? Æз ын тæккæ абон дæр райдаин хоры нæмгуытæй йæ ныв кæнын.

...Республикæйы сæйраг горæты 27-æм астæуккаг скъолайы цæхæрадон. Дидинæг ракалдтой бæлæстæ. Скъоладзаутæм ардæм разгъорынæй хуыздæр ницы касти: марзтой бæлæсты бынтæ, саумæр хастой дидинæгдонмæ. Бирæтæ дзы уыцы хатт дæр кодтой сæ уарзон куыст, диссаджы хабар куы æрбайхъуыст, уæд переменæйы рæстæг уыди. Алчи йæ ми фæуагъта æмæ азгъордтой скъолайы уæрæх тыргътæм, хабар бæлвырддæр базонынмæ.

"Гагарин, Юрий Алексеевич, Гагарин..."Восток"... — Æндæр кой нал уыди.

Æмхуызон цин, æмхуызон сæрыстырдзинад бауагъта диссаджы хабар ахуыргæнджыты æмæ скъоладзауты зæрдæты.

Раст цалдæр минуты размæ Константин Прасоловмæ уыдис физикæйы урок. Фæстаг рæстæг йæ урокты уæларвон наутæ-спутникты æмæ ракетæты кой арæх уыдис. Уыцы хатт дæр та рауадис раст афтæ. Æмæ, дын, урочы тæккæ фæстæ радио диссаджы уац куы æрбахæссид! Скъоладзаутæ йæм æз-раздæрæй хæрзæггурæггаг згъордтой.

Константин Семенович йæ мидбылты худтис:

— Кæй зæгъын æй хъæуы, алчидæр зыдта, ацы бон кæй æрлæудзæн. Фæлæ афтæ тагъд уыдзæн, уый кæй бауырныдтаид. Æнæнхъæлæджы хабар разынди, цыфæндыйæ дæр.

Нæ, уыйас æнæнхъæлгæйæ дзы ницы уыдис. Хъуыды-ма кæнут К. Э. Циолковскийы дзырдтæ: "Адæймаг æнустæм йæ авдæны — зæххы къорийы нæ лæудзæн"?

...Уыцы-иу ныхас хъуыстам, гормпромторджы 42-æм дуканийы кусджытæй æмæ йæм цы бирæ æлхæнджытæ цыдис, уыдонæй. Хабар адæм æхсызгонæй хъусын кодтой сæ кæрæдзийæн. Дуканигæс Антонинæ Шевченко афарста йе 'мбал сылгоймаджы:

— Цымæ фæстæмæ дæр æрыздæхдзæн? Стыр æхсар ын хъæуы, æвæдза, зыбыты иунæгæй уæларвмæ фæтæх, зæххæй дæхи атон. Иу хъуыды нæм сæвзæрд, Антонинæ Шевченкомæ хъусгæйæ: нæ, иунæгæй нæ атахт Юрий Гагарин, йемæ уыдысты æппæт советон адæмы зæрдæтæ, зæрдиаг фæндараст загъта йæ хъæбулæн нæ цытджын Райгуырæн бæстæ.

Цины бон нæ зæрдыл æрлæууыдысты цытджын гуманист æмæ ахуыргонд Фредерик Жолио Кюрийы ныхæстæ: "Дунейы адæмтæ космосмæ семæ нæ ахæсдзысты сæ зæххон паддзахадон арæнтæ. Уыдон æппæт бæстæтæн дæр сты кадджын тырыса"...

...Цæуыл фæдзурынц, арæндоны раз цы æнхъæлмæгæсджытæ æрæмбырд вæййынц, уыдон? Æрмæстдæр ноггуырдыл. Æрмæстдæр уый цæрайыл. Фæлæ уыцы райсом Тамайыфырты уынджы арæндоны уый æмрæнхъ иууылдæр дзырдтой ноггуырд хабарыл — советон лæг атахтис уæларвмæ. "Чи у?" "Кæцон у?" — Фарстой æвгъæды бадджытæ, дохтыртæ.

— Верæ Дмитриевнæ, хæстæгдæр ма нæм æрбацу, — дохтырмæ хуыссæнæй сдзырдта иу ус. Уый уыдис Олимпиадæ Холопова. Сæумæцъæхæй йын райгуырдис лæппу — амонджын цæринаг. Æвгъæды бадæг сылгоймагмæ бауадис дохтыр Михайлиди:

— Цæмæй тыхсыс?

— Ницæмæй тыхсын... Мæ хъæбулы мæм равдисут... — Сабийы йæм куы бахастой, уæд сдзырдта:

— Юрик! Юрик — мæ хур! Абон уæлæрвтæм атæхынмæ йæ ныфс чи бахаста, мæ лæппуйыл уыцы хъæбатыры ном æвæрын. Дæлæ æрбацæуæны мæ мой лæууы, æмæ йын фехъусын кæнут: йæ фыртыл ном æвæрд æрцыд — Юрий!



Сергей КОРОЛЕВ



Юрий ГАГАРИН



ГАССИТЫ Ахмæт, космосæй æрыздæхгæйæ Гагарины фыццаг чи ссардта, уый

— Абон райсом нæм цы фондз лæппуйы райгуырд, уыдон, æвæццæгæн, иууылдæр Юритæ уыдзысты, — цингæнгæйæ, дзырдта Михайлиди...

...Трамвайты уынг. Тагъд-тагъдæй уадысты адæм. Фæлæ уыцы къæдзлæдзæгджын зæронд ус та цымæ кæдæм тындзыдта? Чи зоны, хабар нæма фехъуыста. Диссаджы тыххæй йæ афарстам:

— Нæ мады хай! Адæймаг уæларвмæ кæй атахт, уымæн исты базыдтай?

— Куыннæ, куыннæ базыдтон, мæ хъæбултæ!

— Æмæ дæм куыд фæкаст?

— Стыр диссаг. Ныр мыл цыппар æмæ цыппарыссæдз азы цæуы, æмæ цы нæ федтон, ахæм дунейыл нал ис, — дзырдта Анастасия Сергеева. — Ныртæккæ постмæ цæуын, мæ лæппу Владимирмæ тел ныццæвон, ацы хабары фæдыл ын арфæ ракæнон. Стъараполы мединституты ахуыргæнæгæй кусы... Æнахуыр хъуыддаг бакодта Гагарин. Æрмæст ын куы ницы уаид...

Зæронд усы ацы ныхæстæм не уæхсчыты сæрты чидæр æрбадзырдта:

— Мауал ын тæрсут! Ныртæккæ радио радзырдта: æрбадти дзæбæх, æнæнизæй. Арфæ уын кæнын.

Уый уыдис горæт Орджоникидзейы Тагъд æххуысы станцæйы дохтыр Хъæрджынты Мурат. Медицинæйы кусæг ма загъта:

- Ныр мах дæр ног дæсныйад райсдзыстæм, космонавттæм сæрмагонд æгъдауæй куыд зилын хъæудзæн, уый фæдыл. Мæнмæ гæсгæ, Гагаринтæ суыдзысты тынг бирæ!

...Репортаж фыссынил куы æрбадтыстæм, уæддæр ма нæм редакцимæ, нæ арфæйы ныхас нын фехъусын кæнут, зæгъгæ, дзырдтой алы районтæй, алы куыстуæттæй. Педагогон институтæй æрбадзырдта историон-филологон факультеты декан Гуыриаты Тамерлан, наукон-иртасæг институтæй — Мæрзойты Сергей, Мызурæй — ахуыргæнджытæ Хъодзаты Верæ æмæ Цæргæсты Фатъимæт, шахтер Дзугкойты Валодя, Мæздæджы рынчындонæй — дохтыр Уарзиаты Тамерлан, Горæтгæрон районы колхоз "Хæлардзинад"-ы фермæйæ — Джиоты Аким, Орджоникидзейы Металлокомбинатæй — кусæг Созайты Барис...æмæ афтæ дарддæр æмæ афтæ дарддæр...

Арфæ кодтам мах дæр советон лæджы генийы æнтыстдзинады фæдыл нæ зынаргъ газеткæсджытæн.

Цыппарæй: Уырымты Петка, Цæрукъаты Валодя, Хæблиаты Сафар æмæ æз, иумæ фыццаг хатт ныффыстам уæлæрвтæм Гагарины атахты тыххæй. Нæ ныхас кæрæдзиуыл хорз кæй бадти, уый бамбæрстам, æмæ уæдæй фæстæмæ райдыдтам сфæлдыстадон æмгуыстад. 1961 азы 28 апрелы газеты номыры цыппæрæм фарс æнæхъæнæй дæр бацахста нæ репортаж "Дæуæн фæллойгæнæг, бæрæгбонмæ!" Уымæй цалдæр боны фæстæ дæр та рауагътам, иу фарсæн йе 'мбисæй фылдæр чи уыдис, ахæм репортаж "Майы дидинджытæ".

...1961 азы сæрды фыццаг хатт нæ республикæйæн дихгонд æрцыд дыууæ путевкæйы болгайраг горæт Варнæйы Журналистты æппæтдунеон фæлладуадзæн хæдзармæ. Журналистты бынæттон цæдисы правленийы уынаффæмæ гæсгæ, уыдон радтой Цæрукъаты Валодя æмæ мæнæн. Августы райдайæны ацыдыстæм дард балцы. Уымæй размæ фæсарæнты никуы уыдыстæм, æмæ нæ цымыдисдзинад кæуылты æнхъæвзта!

Кæд Болгарийы фæллад уадзынмæ уыдыстæм, уæддæр уым цы диссæгтæ федтам, уыдоныл æнæ ныффысгæ нæ фæлæууыдыстæм. Фыццæгæм октябрæй фæстæмæ цалдæр номыры рауагътам нæ фыстытæ "Болгайраг тетрадæй", зæгъгæ, ахæм иумæйаг сæргонды бын.

Нæ уазæгуарзон фысымтæ нæ сæ бæстæйы кæцы къуымæй нæ акæсын кодтой, ахæм дзы бирæ нæ баззад. Пловдивмæ куы бацыдыстæм, уæд æппæты разæй æрцагуырдтам, рагæй кæй кой хъуыстам, уыцы цинчы заводы арæзтад. Стыр æхсызгон нын уыдис, ацы куыстуат аразджытæ Цæгат Ирыстон хорз кæй зыдтой, уый. Уæлдайдæр та — завод "Электроцинк" æмæ Садоны æрзæткъахæнтæ. Мах Пловдивы куы уыдыстæм, уымæй цалдæр мæйы размæ "Электроцинк"-мæ æрбацыд Пловдивы заводы фидæны специалистты фыццаг стыр къорд. Уыдон фæстæмæ сæ райгуырæн бæстæмæ куы баздæхтысты, уæд бирæ хорз хабæрттæ фæдзырдтой Цæгат Ирыстоны хуызджын металлургийы рæзты тыххæй.

Æнцон бафиппайæн уыди, фæллойы йæ амонд чи ссардта, уыцы болгайраг адæм куыд хъæлдзæг цард кодтой, уый. Уымæн бирæ æвдисæнтæ федтам, фæлæ нæ зæрдæйы уæлдай арфдæр баззад иу ныв. Родопы хæхтæм æрæмбырд сты хæстæгдæр зылдты цæрджытæ, æдæппæт 50 мин бинонтæ. Цъæх-цъæхид хъæдты бын æрцарæзтой сæ цатыртæ æмæ цардысты уым. Цæмæн æрæмбырд сты, уый базыдтам. Сæрдыгон-быдырон куыстытæ куы фесты, уæд хъæууон фæллойгæнджытæ æрæмбырд сты зарынæй æмæ кафынæй фыццаг бынат бацахсынил ерыстæм. Райсомæй-изæрмæ-иу алы рæттæй хъуысыди зарын, хæххон рог дымгæ йемæ скъæфта болгайраг музыкæйы зæлтæ. Нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ, сæ кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, кафыдысты, цырддзинад æмæ фæразондзинад кæм хъуыдис, ахæм кæфтытæ.

Фæлæ-иу уым уæлдай рæсугъддæр уыдис изæрыгæтты. Куыддæр-иу арвгæрæттæ талынг кæнын райдыдтой, афтæ-иу хæхты фæхстыл ссыгъди 50 мин арты, æмæ-иу сæ рухс æрттивын райдыдта дардмæ. Уыцы рухсæй ноджы дарддæр та хæццæ кодтой рæсугъд æмæ хъæлдзæг зарджытæ...

...Уыцы бон махæй нæ рох кæны æмæ нæ ферох уыдзæн мыггагмæ. Куыд зонæм, афтæмæй æппæт адæмтæ дæр Юрий Гагарины сгуыхтдзинады фæстæ æнхъæлмæ кастысты советон лæджы ног стахтмæ уæлæрвтæм. Алчи йæ зæрдæ дардта, уыцы хъуыддаг куы æрцæуа, уæд фыццагæй диссагдæр кæй рауайдзæн, советон нау ноджы бæрзонддæрты кæй æрзилдзæн зæххы алыварс. Уый æрцыд æхсæзæм августы.

Хабар мах æрæййæфта Журналистты æппæтдунеон фæлладуадзæн хæдзары.

Алчидæр кодта йæ хъуыддаг. Фылдæртæ денджызмæ ацыдысты: чи кæсагахсынмæ, чи та — найынмæ. Бирæтæ бадтысты вестибюлы фæлмæн къæлæтджынтыл æмæ алчи йæхи 'взагыл касти газеттæ, журналтæ. Вестибюлы иу къуымы цы радиоприемник уыдис, уый ныллæг хъæлæс хъуысыдис. Цæмæдæр гæсгæ, афтæ рауад, æмæ лæвæрдта мæскуыйаг программæ.

— Космонавт! — æвиппайды ныхъхъæр ласта иу польшæйаг журналисткæйы чызг. Йемæ цы дыууæ чызджы уыдис, уыдонимæ сæ бынæттæй фæгæппытæ кодтой æмæ азгъордтой, денджызмæ чи ацыд, уыдонмæ хæрзæггурæггаг.

Уыцы рæстæг соса фæндагæй райхъуысти машинæйы тыхджын, æнæскъуыйгæ сигнал. Куыдфæстæмæ ма йыл бафтыд иу сигналы хъæлæс, стæй дыккаг, æртыккаг...

Болгайрæгтæ, немыцæгтæ, польшæйæгтæ, уырыссæгтæ, румынæгтæ, чехæгтæ — иутæй дæр сæ афтæ зæгъæн нæй, мæнæ уыдон тынгдæр цин кодтой, мæнæ уыдон та къаддæр, зæгъгæ. Фæлæ адæмæн се 'нгас тынгдæр уыдис махмæ, советон журналисттæм, æмæ уымæ гæсгæ мах зæрдæтæ тынгдæр тæлфыдысты. Æнæкæрон сæрыстырдзинад ныл æртыхсыдис.

Уæдмæ мæскуыйаг дикторæ ног æмæ ног дзырдтой Гермæн Титовы тыххæй: кæцон у, чи сты йæ мад æмæ фыд æмæ æндæртæ. Ныхæстæй зын равдисæн у Титовы бон.

Журналистты фæлладуадзæн хæдзары директор дидинæгдоны рæсугъддæр розæтыл разылд æмæ дынджыр цупалимæ æрлæууыд советон делегацийы разамонæг Боковы раз. Афтæмæй та райсомæй, дидинджытæм ма 'внал, зæгъгæ, загъд кодта хистæр хæринаггæнæг Борис Иордановы чысыл лæппумæ. Бæлæсты раз æрæмбырд сты сабитæ. Уыдон дæр дзырдтой космонавтыл. Хистæртæй фехъуыстой, уæд ма йæ тæккæ тæхгæйæ кæй уыдис æмæ арвмæ кастысты, кæд æй фениккой, зæгъгæ.

Иннæ ран чызджытæ батыгуыр сты. Польшæйаг чызг хъæрæй дзырдта сæхи 'рдыгонау, фæлæ мах бæлвырд æмбæрстам: "Юрий Алексеевич Гагарин! Гермæн Степанович Титов!"...

Сылгоймæгтæ, раст цыма сæхи бинойнагыл тыхстысты, уыйау куывтой: "Дзæбæхæй йæ раздах зæхмæ, Хуыцау".

Хабар ма уыдис йæ тæккæ ногыл, афтæ советон журналисттæй райдыдтой интервьютæ исын Болгарийы газеттæ "Здравен фронт", "Народен спорт", "Народна Армия", "Калаговградска борба", "Отечествен глас", "Дмитровско знаме", "Рудничар", "Дунавска правда", "Народна култура", "Народна младеж", "Народно дело" æмæ иннæты уацхæсджытæ. Мах дæр Цæрукъаты Валодяимæ интервью радтам æртæ газетæн. Иу ран сæрыстырæй радзырдтам, фыццаг космонавт Юрий Гагарины хъæбатыр атахты тыххæй ирон газеткæсджытæн æппæты разæй мах кæй фехъусын кодтам, уый тыххæй.

Изæрæй фæлладуадзæн хæдзары уыди стыр куывд советон делегацийы кадæн. Уым алы бæстæты минæвæрттæ махæн кодтой зæрдиаг арфæтæ, æвдыстой сæ цин. Чехословакаг газет "Правдæ"-йы сæйраг редактор Антон Маркуш гаджидау рауагъта Титовы цæрæнбоны тыххæй. Йæ ныхас фæци мæнæ афтæ:

— Гермæн Титов у журналист №1. Уый нау "Восток-2"-йы бортæй радта фыццаг космосон репортаж. Титов у нæ коллегæ: космонавт №2, журналист №1!

Бирæ арфæтæ ныл сæмбæлд иннæ бæстæты минæвæрттæй дæр.

Уымæй цалдæр боны фæстæ бафтыдыстæм горæт Балчикмæ. Бынæттон цæрджытæ нын æмдзыхæй куыд дзырдтой, афтæмæй Адæмон хицаудзинады азты йæ хуыз тынг скалдта ацы чысыл горæт. Сси дзы диссаджы фадæттæ фæллойгæнджытæн сæ фæллад уадзынæн. Сау денджызы был, сыфтæрджын бæлæсты астæу æрæнцадысты фæлладуадзæн хæдзæрттæ æмæ санаторитæ. Советон журналистты æрбацыды хабар уайтагъд фæпырх горæтыл. Хонæг хонæджы фæстæ цыдис: алкæй дæр фæндыди, куы сæм сæмбæлдаиккам, уый. Фæлæ се 'ппæтмæ бацæуынæн рæстæг кæм уыдис!

Петр Узунов, зæронд кусæг, йæ фæнд атардта. Рагацау нæ машинæйы шофыры фарсмæ сбадтис æмæ загъта:

— Æз ардыгæй нæ рахиздзынæн, цалынмæ мæ нæхимæ баласат, уæдмæ. Мæ зæрдæ тынг фæхуддзæни, мæ хæдзармæ куы нæ бацæуат, уæд...

Горæты астæу хæдзæртты къултыл болгайраг æмæ уырыссаг æвзæгтыл кастыстæм фыстытæ социализмы лагеры адæмты хæлардзинады тыххæй, Советон Цæдисы æмæ Коммунистон партийы тыххæй. Горæты фæллойгæнджыты депутатты æххæстгæнæг Советы агъуысты сæрыл та, æхсæвыгон дæр чи зынди, ахæм дамгъæтæй ныффыстой: "Намыс — Советон Социалистон Республикæты Цæдисы гражданин Юрий Гагаринæн, дунейы мидæг æппæты разæй уæларвмæ чи стахтис, уымæн!" Ам иу цалдæр ныхасы сæрмагондæй зæгъын хъæуы, болгайраг адæм фыццаг космонавтæн цы стыр кад кодтой, уый тыххæй. Йæ ном хастой горæтты уынгтæ æмæ фæзтæ, заводтæ æмæ скъолатæ. Гагарины портреттæ уыдысты куыстуæтты æмæ кусæндæтты къултыл, автомашинæты æмæ трамвайты рудзгуытыл, бирæ бинонты альбомты, чызджыты брошкæтыл.

Нæ размæ рацыд хæрзконд ацæргæ сылгоймаг æмæ нæ бахуыдта мидæмæ.

— Мæнæ уын уый та нæ хæдзар, — загъта хъæлдзæгæй Иван. — Фенут, куыд цæрæм, уый. Цалынмæ цыппор цыппæрæм азы сентябры Адæмон хицаудзинад æвæрд не 'рцыд, уæдмæ нын æгæр-мæгуыр хæдзар дæр нæ уыд. Ныр та...

Фæлæ уæд куыд цардысты бинонтæ, уый тыххæй хæдзары хицауы дзурын дæр нал хъуыдис. Уымæн æмæ алцыдæр нæхи цæстæй уыдтам. Стыр æртæ уаты æмæ рухс тыргътæ бæлвырд æвдыстой Узуновты царды фадæттæ. Аив арæзт шифанер, буфет, хорз сынтæджытæ, рæсугъд гауызтæ уыдысты хæдзары фидыц. Иу уаты къулыл зындысты В. И. Ленины æмæ Георгий Димитровы портреттæ. Иннæ уаты къулыл та рæсугъд рамкæйы Юрий Гагарины къам. Уый искæцы зындгонд нывгæнæджы конд нæ уыд. Хæдзары хицау нын куыд радзырдта, афтæмæй уыцы ныв скодта йæ фырт Владимир.

Цыбыр рæстæджы фæстæ æрбацыди Владимир. Уырыссагау дзæбæх дзырдта. Ахуыр кодта гимназийы иуæндæсæм къласы. Иста æрмæстæр иттæг хорз æмæ хорз бæрæггæнæнтæ. Бирæ уарзта нывтæ кæнын. Сæхимæ йæ тынгдæр æлвæстой æрдзы рæсугъддзинæдтæ. Фæлæ портреттæ кæнын дæр хорз зыдта. Владимир алыхуызон ахорæнтæй стыр кæттагыл скодта Гагарины ныв, бавæрдта йæ рæсугъд рамкæйы æмæ йæ йæ сынтæджы сæрмæ къулыл æрцауыгъта. Гагарины фарсмæ — афтид рамкæ.

— Уазджытæн зæгъ, лæппу, афтид рамкæ уым цæмæн ис, — бахудгæйæ, загъта Иван йæ фыртæн.

— Уый та дыккаг космонавтæн скодтон, — дзуапп радта Владимир. — Титов куы нæма атахтис уæларвмæ, уымæй раздæр конд æрцыд. Болгарийы фæсивæды уырныдта, дыккаг космонавт дæр та советон адæймаг кæй уыдаид, уый!

Зæрдæрухсæй, нæ бинонтæн цыдæр чысыл номарæнтимæ æмæ дуне фыссинæгтимæ Болгарийæ æрбаздæхтыстæм Мæскуымæ. Фæлæ кæд Болгарийы бирæ диссæгтæ федтам, кæд уым нæ фæллад иумæ кæимæ уагътам, уыдонæй бирæ бæстæты зындгонд журналисттимæ балымæн стæм, кæд "Сыгъзæрин змисты" Сау денджызы был нæхи хурмæ фæтавтам, уæддæр Ирыстонмæ æрбаздæхт махæн уыди стыр бæрæгбон.

**МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег,**
**историон наукæты доктор, профессор,**
**Уæрæсейы наукæты сгуыхт архайæг, Уæрæсейы ахуырады академийы уæнг-уацхæссæг,**
**Цæгат Ирыстоны Фæллойы Хъæбатыр,**
**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты президент**

